



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

## Superintendent of Schools

Alberto M. Carvalho

## Miami-Dade County School Board

Perla Tabares Hantman, Chair  
Dr. Lawrence S. Feldman, Vice Chair  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall  
Carlos L. Curbelo  
Renier Diaz de la Portilla  
Dr. Wilbert "Tee" Holloway  
Dr. Martin Karp  
Dr. Marta Pérez  
Raquel A. Regalado

7 Desanm, 2010

Chè Paran oubyen Gadyen:

Pitit fi w ousnon pitit gason ou, akòz li gen konpetans limite ann Angle, li te patisipe nan pwogram "English for Speakers of Other Languages (ESOL)" (Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang). Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) resevwa fon "Title III" nan men gouvènman federal pou ede elèv ki gen konpetans limite ann Angle vin gen konpetans nan lang Angle, devlope siksè akademik nan nivo wo ann Angle, e satisfè menm defi akademik estanda yo espere pou tout elèv nan Florid satisfè.

"No Child Left Behind" (Okenn Timoun Pap Ret Dèyè) mande pou kontwole distri lekòl ki resevwa fon "Title III" yo pou wè si yo satisfè twa nan sa ki ap suiv yo "Annual Measurable Achievement Objectives (AMAOs)" (Siksè Mezirab nan Objektif Anyèl yo) pou moun ki ap aprann Angle. Nan Florid, yo itilize "Comprehensive English Language Learning Assessment (CELLA)" (Egzamen Evalyasyon Konpreyansif Moun ki ap Aprann Angle) pou evalye konpetans nan lang Angle e yo itilize "Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT)" (Egzamen Evalyasyon Konpreyansif nan Florid) pou pèfòmans akademik.

- AMAO 1 → Pwogrè nan akizisyon lang Angle ki baze sou CELLA
- AMAO 2 → Pwogrè nan pousantaj elèv ki vin gen konpetans ann Angle ki baze sou CELLA
- AMAO 3 → Pèfòmans nan reyalizasyon siksè akademik estanda (lekti ak matematik) ki baze sou FCAT

Lèt sa a se pou enfòmè w Lekòl Leta Miami-Dade County satisfè tout kritè AMAO yo, eksepte konpetans nan lekti pou kritè AMAO 3. Tablo anba a endike ki kritè ki satisfè e ki pousantaj distri lekòl nan eta Florid la ki satisfè chak kritè.

AMAO	2008-2009		2009-2010	
	Dade	Pousantaj Distri nan Florid ki satisfè kritè	Dade	Pousantaj Distri nan Florid ki satisfè kritè
AMAO 1	Y	93%	Y	81%
AMAO 2	Y	74%	Y	60%
AMAO 3	N	12%	N	6%
<b>SATISFÈ TOUT KRITÈ "Title III" AMAO yo</b>	<b>N</b>	<b>13%</b>	<b>N</b>	<b>7%</b>

Pou plis enfòmasyon sou AMAO yo ou ka vizite paj Entènèt Depatman Edikasyon Florid la nan <http://www.fldoe.org/aala/amao.asp>. Pou w aprann plis sou pwogrè pitit ou nan akizisyon lang Anglè oubyen kòman ou ka vin patisipe plis nan lekòl pitit ou, ou ka kontakte direktè lekòl ou a oubyen Dtè. Joanne H. Urrutia, Direktris Administratif, Divizyon Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal nan 305-756-2902.

Sensèman,

Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo

AMC:Imm  
L427